



Kontribyab konsène yo ka benefisye yon nouvèl lwa sou Kredi Enpo sou Revni yo Rantre

- Kontribyab ki gen revni ki pi piti pase **\$56,844** an 2020 ka kalifye pou mande EITC a.
- EITC a kapab valè **\$6,660** pou yon fanmi ki gen timoun ki kalifye.
- Kontribyab ki pa gen timoun ki kalifye yo kapab kalifye pou yon valè jiska **\$538**.



Asistan EITC a kapab ede w idantifye kiyès ki kalifye.

Si kontribyab la te rantre mwens an 2020, lwa a ka ede yo kalifye pou yon pi gwo ranbousman EITC.

Pou sezon fiskal sa, kontribyab yo ka chwazi itilize revni 2019 yo a pou kalkile kredi a si revni 2019 la pi plis pase revni yo rantre an 2020 an.

Jeneralman, revni ki rantre a gen ladan salè yo ak sa ou fè apati pwòp biznis pa w, ak kèk konpansasyon pou andikap tou.

Se menm jan an pou **Kredi Enpo Adisyonèl pou Timoun (an Anglè)**

Pou detay yo, gade enstriksyon pou **Fòm 1040 oswa Piblikasyon 596 (an Anglè)**, Kredi sou Revni ki Rantre.